Ассаламу гӀалайкум!

# Ахихъан

№ 24 (7164)
12 июнь 2015 с.
Рузман
Багьа 5 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод»

sadovoduns@yandex.ru

12 июнь - Россиялъул къо

## Россиялъулго праздник

ТIолалго районцоязда ракI-ракIалъ баркула нилъер пачалихъалъул байрам – Россиялъул къо.

Гьеб байрамалъ бихьизабула нилъер улкаялъул цолъи, гьайбатаб букIинеселде божилъи, Россиялъул Конституциялъ тасдикъ гьабураб демократиялъул, эркенлъиялъул, ритIухълъиялъул тIадегIанлъи.

Гьеб къоялъ рагьана Россиялъул тарихалъул цIияб гьумер. Нилъер улка лъугьана эркенлъиялъул ва демократиялъул кьучIалда общество гIуцIиялъул нухде.

I2 июнь – Россиялъул киналго миллатазего гIадин, дагъистаниязеги, гьединго нилъер районалъул гIадамазеги лъугьана пачалихъалъулаб байрамлъун ва Россиялъул миллатал цолъун рукIин загьир гьабулеб къолъун. Гьелде абула эркенлъиялъул, ракълил ва разилъиялъул къойилан.

Божула Россиялъул кинабго халкъалъго гIадин, районалъул гIадамаз Россия тIегьараблъун, къуватаблъун лъугьиналъе квербакъизе букIиналда. Гьарула районцоязе щулияб сахлъи, хIалтIулъ бергьенлъаби, щивасе талихI-рохел, рекIее парахалъи, лъеги хъизан-рукъалда баракат!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» муниципалияб гIуцIиялъул бетIерасул ишал тIуралев.**

Росдал магIишат: ижара

## ЗахIматалда тIегь бараб магIишат



**2009 соналъул август моцIалда I0 сотых ракьалда «Зирани» ГУПалъулаз байбихьана магIарухъ тIоцебесеб парник гIезабизе. Гьелъие нухмалъи гьабулеб букIана Жаватхан ГIабдулаевас. Гьабуна теплицаги, босана гьелъие хIажатабщинабги. ХIалтIаби унел рукIана хIалуцун. Ж. ГIабдулаев хIалтIизе вачуна райадминистрациялъул бетIерасул ишал тIуралевлъун. Гьесул бакIалде вачIуна, цевего магIишаталда хIалтIулев вукIарав Имангъазалиев МухIамадхIабиб. ГУПалъул бакIалда гIуцIана СППКги.**

БитIахъе бицани дида ракIалде ккун букIана Жаватхан вукIаралдаса гьениб щибниги хисун батиларилан. ХIакъикъаталда дун мекъи ятана. Доб цебе хIалтIизабулеб букIараб ракьалда тIадеги жеги 2-3 теплица гьабун бугоан гьениб. Ниж гьенире щвараб заманалда охцеразул цо теплица бакIарун ахиралде щун бугоан, тIогьиллъун ракъвалел ругоан гьезул тIамхал, цо парникаялда, ай хадуб бекьаралъуб гьеб бугоан гIурччинго, лъикIго ран ругоан охцералги. Жаниб бугоан данде кколеб хинлъи. Къокъго абуни бахчабазда культураби гIезариялъе босун бугоан импортнияб техника. Гьелъ жиндирго тIеренаб шлангалъ лъалъала бахчабазул хIорал, хIалтIизабулеб бугоан жидерго магIишаталъул ракги. Гьедин гьабиялъ теплицаялъул мокърукье цIаруцIун рахунел ругоан охцералги помидорги рарал хIорал.

Бахчабазухъ балагьун бихьулеб букIана гьел тIалаб-агъаз бугел кверазухъ ккун рукIин, хIоразда гьоркь гьечIоан цониги тIезе чIахI-хер.

*(Ахир 2 гьумералда)*

## Райадминистрациялда данделъи

Араб итни къоялъ райадминистрациялда тIобитIана иргадулаб данделъи. Гьениб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. Нурмухамадовас къокъаб баян кьуна районалда бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ. Бицана горо-цIералдаса хадуб Генуб росдада цебесан бачIараб иххалъ зарал гьабиялъул. Гьеб рахъалъ бугеб ахIвал-хIал лъазабизе комиссияги гIуцIун, тадбирал гьаризе тIад къана МЧСалъул отделалда.

Нухазул бугеб хIалалъул бицана М-ГI. Хановас. Гьединго АТКялъул хIалтIуда тIадчIей гьабуна райадминистрациялъул бетIерасул зам З. АхIмадовас ва ФСБялъул нухмалъулев А. ГIабдулсаламовас. Районалда ЕГЭ кьеялъул иналъул бицана лъай кьеялъул управлениялъул нач. Л. МухIамадгIалиевас.

## БахIарчияв васасул цIаралда

(ГьаракIуни кьучI лъуна спорткомплексалъе)





8 июналда кIудияб рохалилаб ахIвал-хIал букIана ГьаракIуни росулъ. Гьениб росдал школалда аскIоб кьучI лъуна спортивияб комплексалъе. Гьеб кIудияб иш жиндаго тIаде босун буго «Роснефть» ва «Дагнефть» ОАОлъул генералияв директор Муслим Гендиевас.

Рохалилаб данделъиялда гIахьаллъана ва кIалъазе рахъана спонсор М. Гендиев, районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадов, гьесул зам. С. АхIмадов, бетIерасул кумекчи М-Н. ХIайбулаев, ГьаракIуни росдал бетIер ГI. МухIамадов. Гьез бицана ГьаракIуни росулъ спортивияб комплекс баялъ росдал гIолилазе рес кьезе бугин жалго лъадаризе гуребги гIолохъанаб гIумро рекIелгьеялда тIобитIиялъе,-абун.

ЦIи бараб комплекс букIине буго ГьаракIуни росулъа рагъул гIахьалчи, ракълилаб гIумруялда гIемерал гьайбатал ишал гьарурав, МахIачхъалаялда ЦУМ тукен барав ва потребительскияб кооперативалда кIудияб цебетIей лъугьинабурав Муслим ХIажиевасул цIаралда. Гьесул ясалъул вас ккола Муслим Гендиев.

*Сураталда*: спорткомплексалъе кьучI лъолеб заман.

### Россиялъул Госдумаялъул депутатал - Дагъистаналда

Гьал къоязда МахIачхъалаялъул «Дом дружбы» КIалгIаялде рачIун рукIана Россиялъул Думаялъул депутатал. Гьезие гIуцIана «Россиялъул халкъазул гьудуллъиялъул» музеялде экскурсия, гьединго гьез лъай-хъвай гьабуна нилъер миллиял костюмазул ва инструментазулгун.

«Дом дружбы» КIалгIаялъул хIурматиял гьалбадерил ТIехьалда Госдумаялъул депутат Д. Савельевас хъван буго: «КIудияб баркала бихьаралъухъ, гIемераб цIияб жо лъана нижеда Дагъистаналъул хIакъалъулъ. Дун хIайран гьавуна»,-абун.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 24 (7164)*
*12 июнь 2015 сон*



***Дагъистаналъул тарихалда жаниб аслияб бакI ккола Унсоколо районалъул тарихалъ. МугIрузул улкаялъул киналгIаги лъугьа-бахъиназулъ цо хасаб бакI ккола гьелъ. Масала, Дагъистаналъулго имамалги, къеркьохъабиги, пасихIаб рагIул устарзабиги гурелги гьенисан рахъарал гIадамал хIалтIана республикаялъул жавабиял бакIазда.***



# ЗахIматалда тIегь бараб магIишат

ГьабсагIаталда МухIамадхIабибил нухмалъиялда гъоркь хIалтIизабулеб буго 32 сотых теплицаялъул. Гьелъул I2 сотыхалда бекьун буго помидор ва 20 сотыхалда охцерал. Охцеразул бакIарун бичун буго I2 тонна, помидоралъул жакъа къоялде бичун буго 3 тоннагин бащдаб.

Диргун букIараб гара-чIвариялда М-ХI. Имангъазалиевас бицана: нагагь бокьараб култура «унтани» нижеца МахIачхъалаялдаса специалист вачине ккола, нижеца гьезулгун къотIи гьабун бугелъул. Гьесие гьабураб хъулухъалъухъ кьолеб буго гIарацги, кьуричIого тIуразарула гьесул рихьизариял ва нахъеги щвезавула.

ГьабсагIаталда охцерал лъугIулел руго ва гьеб ракь тезе ккола хаслихълъиялъул заман щвезегIан хIалхьиялда. Хадуб цIидасанги бекьизе ккола.

СППКялда кинавниги хIалтIулев вуго I6 хIалтIухъан, жакъа къоялде киназего апрель моцIалъулги кьун ругоан харжал. Теплицабазда лъикI хIалтIулезул цIарал рехсолаго нухмалъулес бищунго цебе цIар рехсана бригадир Гъазичуева ГIайнаил, хIалтIухъаби МухIамадова Заргьаил, ГIузаирова Заремал, кочегарал: АхIмадов Хайрулагьил, МухIамадов МухIамадил, агроном ГIабдулмажидов ГIусманилги.



БитIахъе бицани балагьизе ракI барахщараб, берцинаб теплицаялъ лъикIаб бачIин кьолеб бугоан «Зирани» СППКялъе. Гьез гьеб бичулеб буго Унсоколо росулъ, Шамильхъала поселалда ва гьединго МахIачхъалаялдаги.

«Зирани» СППКаялъул бахчаялъ заманаялъ цере лъурал масъалаби тIуразарулел руго. Гьездасан мисал босизе бегьилаан цогидалги районалда гIуцIарал магIишатаз.

***ГIайшат МУХIАМАДОВА.***

***Нижер мухбир.***

*ГIолилазе-камилаб тарбия*

# Экстремисталлъун рахъунгутIизе

Генуб гьоркьохъеб школалъул минаялъул лъабабилеб этажалда буго гьеб росдал лъималазул творчествалъулаб Рукъ. Гьелъие нухмалъи гьабулеб буго жигарай педагог Асият ГIабдулаевалъ. Творчествалъул Рукъалъ жанире рачун руго 225 лъимер. Чанго соналъ цебе гьезул къадар 300 ясде бахунаан. Ахирисл соназда педагогазул штатал къокъ гьарун ва хьезариялъул иш захIмалъун букIин хIисабалдеги босун хьвадулезул къадар гIодобе ккезабун буго.

ГьабсагIаталда творчествалъул Рокъоб хIалтIи бачунеб буго 5 направлениялда; социалиябгун лъай кьеялъул, туризмалъулгун - край лъазабиялъул, экологиялъул, культураялъул, художествениябгун эстетическиябги.

Араб сон цIакъго лъикIал хIасилал ругеблъун букIана творчествалул Рукъалъе. БатIибатIиял республикаялъулал кIваралъул олимпиадабазда ва конкурсазда гIахьаллъун гьезие щвана 5 тIоцебесеб бакI. Край лъазабиялъул къецазда цIалдохъан Иразиева Зайнаб мустахIикълъана Президентасул гранталъе. Экологиялъул направлениялда 8 классалъул цIалдохъан МустIафаева Жамилаца хIадурараб «Экология глазами детей»,-абураб хIалтIи бахъун буго республикаялъул экологиялъулгун биологиялъул Централъул тIехьалда.

ЦIикIкIараб хIалтIи гьабун буго Рукъалъ КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялда хурхунги. Гьеб ишалда хурхун 2 бакI ккун буго П. Батировалъ. ЦIалдохъабаз гьабун буго бергьенлъи босаразе макет-обелискги. Гьенир махщалида рихьизарун руго рагъухъанасул ва рагъулай сестраялъул образал цIалдохъаби Б. Басировас, Ж. Зияудиновалъги.

Ахириял соназда цIикIкIарал лъикIал гурел ишал ккана Генуб росулъ. Гьелъ лъикIаб гуреб рахъалде ине рес букIана гIун бачIунеб гIелалъе. БитIараб нухде гIолеб гIел цIаялъе цIикIкIараб хIалтIи гьабулеб буго гьабсагIаталда творчествалъул Рукъалъ. ГIицIго Дагъистаналъул гуребги аскIор ругел республикабазул тарихиял бакIаздеги сапарал гьарула гьез. Дагьал церегIан къоязда туризмалъулгун-край лъазабиялъул кружокалъул цIалдохъаби щвана Чачан республикаялъул тахшагьар Грозныялде. Щвана музеязде, мажгитазде, тIабигIат берцинал бакIазде.

-Сунцаха сапаралда нужее асар гьабураб?-абураб суалалъе цIалдохъабаз жаваб кьуна; Дагъистаналда цIакъго къанагIатаб рацIа-ракъалъиялъ гьабунилан.

Къокъго абуни хIасил бугеб хIалтIи бугоан Генуб росдал творчествалъул Рукъалъул.

***С. ГIАБДУЛАЕВА.***

Район гIуцIун 80 сон тIубаялде: нилъер гIадамал

# *ГьаракIуниса - рагъухъан, журналист*



«Дагъистаналъул правда» газеталъул тIогьиллъарал тIамчал регулаго дица тIаде кIвар кьун цIалана I932 соналъул апрелалъул ахиралда культураялъул хIалтIухъабазул ТIолгодагъистаналъулаб съездалда Дагъистаналъул лъай кьеялъул нарком ГIабдурахIман Къадиевас гьабураб доклад. Дол соназда тIобитIулеб букIараб культсанштурмалъул жигарал гIахьалчагIазул бицунаго наркомас кIудияб разилъиялдалъун рехсолел руго Гумбет районалде ритIун рукIарал Дагъистаналъул тIоцебесеб педагогическияб техникумалъул студентал вацал Жамалудиновазулги –ГIалилги МухIамадилги цIарал. ГIали гьениве райцентралде щваравго унтана, кин букIаниги гьев ана рикIкIадаб росулъе ва гьениб ударнияб хIалтIи гьабуна. Вацаз кинабниги лъай гьечIолъи чIахIиязда гьоркьоб лъугIизабиялъе гIуцIана ункъго пункт ва рогьаралдаса рукIкIинегIан гIадамалгун хIалтIана. Штурмалъул тIоцебесеб этапалдаса хадуб росулъ цIализе ва хъвазе лъаларев чи хутIичIо. Гьелъул гIаксалда, гьезда гьоркьосан I5 яв вахъана кульармейцаллъун ва гьез къеркьей гьоркьоб къотIизе течIо магIарулазул тIадегIанаб культураялъе гIоло.

I93I соналъул хасало ГIалица гьанжего гьанже I5 сон тIубан букIана. Гьанже гьес ракIалде щвезабула;

- Республикаялъе нухмалъулезул ахIиялда рекъон, дол соназда техникумалъул преподавателалги тIадехунисел курсазул студенталги унел рукIана магIарухъе чIахIиязда гьоркьоб хъвай-цIализе лъангутIи лъугIизабизе. Байбихьуда дун вукIинчIо магIарул районазде ритIулезда гьоркьов. Амма дица техникумалъул руководителасда гьарана, кIудияв вацги унев вугелъул, дунги витIейилан…

I932 соналъул апрелалда ТIолгодагъистаналъул кульураялъул хIалтIухъабазул съездалда данде росана культураялъул хIасилал. Гьениб бихьизабуна ликпунктаздаги школаздаги 253 азарго чиясда хъвазе-цIализе малъанилан. АнцI-анцI культармейцазе щвана «Культштурмалъул бахIарчи» абураб цIар. Гьеб щвана ГIалиеги. ГьабсагIаталдаги гьес нахъе цIунун буго Централияб штабалъул председателас гъулбасараб ХIурматалъул грамота, гьебги I6 сон барав чиясе кьураб. ДагъЦИКалъул БагIараб байрахъ абуни кьуна вацал Жамалдиновал хIалтIулел рукIараб Гумбет районалъе .

Цоги кIвар бугеб жо. КъагIида хIисабалда педтехникум лъугIарал ритIулаан байбихьул школалде хIалтIизе. ГIали абуни педтехникум лъугIарабго Аварский педтехникумалда гIурус мацIалъул преподавательлъун хIалтIизе ахIана.

- БичIчIулеб жо, захIматго букIана,-ян ракIалде щвезабула ГIалица,-сардал рорчIун дарсазде хIадурлъизе кколаан.

Педагогикияб хIалтIуда ГIалица гIемераб заман бачIо, бана кинабниги 6 сон. Гьев ахIана Дагъистаналъул тIахьазул издательствалде магIарул литератураялъул редакторлъун хIалтIизе. Гьенив гьев рагь байбихьизегIан лъабго соналъ хIалтIана. Гьеб къокъабго заманалда ГIалица чIахIиязе гьединго байбихьул школалъул тIоцебесеб классалъеги цIалул тIахьал хIадур гьаруна, гIурус мацIалдаса магIарул мацIалде руссинаруна цо чанго политикиялги художественниялги асарал, редакторлъи гьабуна цIияб алфавиталда къватIире риччалел ЦIадаса ХIамзатил асаразе, авар-гIурус словаралъе.

Байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ. Фронталде витIиги нахъ тIамун тун, ГIалида тIад къана фашистазде данде чIараб литература ва школазе цIалул тIахьал хIадур гьариялда тIад хIалтIизе.

- Гьебго заманалда,-абун ракIалде щвезабуна ГIалица, - киналго гIел бащадал армиялде араб мехалда дие захIмат букIана гьезул улбуздаги лъудбуздаги цевесан къотIун ине. Дица брон военкоматалде нахъе кьуна, I94I соналъул декабралда ана армиялде.

I942 соналда Сталинградалъул рагъулабгун политикияб училищеги лъугIизабун ГI. Жамалудиновас цIунулел рукIана Волгаялъул рагIаллъабазда щулалъаби, хадуб хасаб полкалъулаб ротаялда политруклъун вагъана Воронежалъул фронталда. Гьениб щвана бетIерал да ругъун ва авлахъалъулаб госпиталалда сах гьавуна. Сахлъун хадуб кIудияв лейтенант ГI. Жамалудинов тIамуна кьвагьдохъабазул ротаялъул командирлъун, I943 соналда Харьков эркен гьабиялда гIахьаллъана. Ротаялъул командирал хIадур гьарулеб фронталъулал курсал лъугIизарун хадуб, ракIалдаго гьечIого, тIамуна 84 аб. батIа гьабураб армиялъулаб штрафниказул ротаялъул командирлъун. – Гьеб гIадада букIинчIо,-ян бицуна ГIалица.

*(Ахир 3 гьумералда)*

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 24 (7164)*

*12 июнь 2015 сон*

*3 гьумер*

Унсоколо районалда гьабсагIаталда чIаго вуго 3 рагъул ветеран. Гьел киналго ккола ГьаракIуни росулъа. ЦIарцIарккун абуни гьел ккола Жамалудинов Пали, Къурабегов МухIамад ва ХIажиев Муслимги. Гьезул цояв Пали Жамалудиновасул бицунеб буго нижеца жакъа.



# *ГьаракIуниса - рагъухъан, журналист*

– Штрафниказе команда гьабизе бигьаго букIинчIо. ГIемерисеб бараб букIана боецаздехун гьабулеб балагьиялда, ротаялда лъугьинабураб психологиялъулаб ахIвал-хIалалда. КьагIида хIисабалда штрафниказул ротаби кьолаан бищунго хIинкъи бугел бакIазда ругел рагъулал частазде, оборонаялдаги гьел халат бахъун толароан. I943 соналъул хаслихълъуда немцал нахъе къазе лъугьана, рота абуни ударниял къуваталгун цадахъ гьезда хадуб ана Северияб Донецкалдаса Днепралде щвезегIан. Буюрухъ букIана рачIинахъего Днепропетровскиялъул районалдехун Днепр бахун ине. Масъала бигьаяб букIинчIо. Хадуб лъана гьеб тIаде кIанцIи тушман жидедехунго вуссинавизе гьабулеб букIараблъи. Масъала нижеца тIубазабуна, гьай-гьай, дагьа-макъабго камиялгун. Хадусеб къоялде абуни Днепропетровск ва Днепродзержинск гитлерилаздаса хвасар гьабуна.

ТIаде гIадамалги цIикIкIун рота нухда ратарал росабиги эркен гьарулаго Кривой Рогалдехун цебехун ана. Бергьенлъиялда Днепр бахиналъе гIоло П. Жамалудиновасе кьуна II даражаялъул ВатIаналъул рагъул орден.

I944 сонги Украинаазул росабазул цоялъул кIодо гьабулаго, сардилъ ротаялъ бахъана гучалда немцаз щула гьабун букIараб маххул нухлул разъезд ва 50 гIанисев немцазул солдат ва офицер асир гьаруна. Цинги тIаделъана тушманасул гIарадачагIазул батареялде, гьезие зиян ккезабизелъун. Гьенив Пали



цIидасан лъукьана. Штрафниказ бухъулаго гIазугун унаго кIиго километр гIанисеб бакIалдасан восана гьев. ЛъагIалидасаги халат бахъана Днепродзержинскиялъул, Красный Лиманалъул, Челябинскиялъул, МахIачхъалаялъул, Буйнакскиялъул госпиталазда сах гьави, операция, кин цоги гьарулел рукIана операциял, кин букIаниги гIарададул гулил кескал хутIана къаркъалаялъулъ. Рагъда щвараб ахирисеб орден букIана I даражаялъул ВатIанияб рагъул орден.

I945 соналъул байбихьуда инвалидлъун гьавуна. ХIалтIизе лъугьана Унсоколо райком партиялде, байбихьуда рагъулаб, хадуб орг-инструкторлъиялъул отделалде. Дол соназда республикаялъулаал газетал кадрабазде хIажат рукIана.



I946 соналда гьев магIарул мацIалда бахъулеб «МагIарул большевик», цинги хадуб «Дагъистаналъул правда» газетазде хIалтIизе вачана ва батIибатIиял отделазда заведующийлъи гьабуна.

РакIалда буго колхозалъул счетоводлъун дун хIалтIулев вукIараб Гъуниб районалъул МохIоб росулъ I947 соналда журналист Жамалудиновасда дандчIвай гьабураб куц. Пали вачIун вукIана газеталдасан тIоцебесеб колхозалъул хIалбихьиялъул хIакъалъулъ бицине. Сордо нахълъизегIан гIодов чIолаан гьев колхозалъул бухгалтериялда цифрабазде тIаде къулун, къад абуни унаан гIияхъабазухъе, дояркабазухъе, механизаторазухъе. Чанго къойидасан «Дагъистаналъул правдаялъул» тIубарал жанисел гьуразда бицунеб букIана Совет Союзалъул бахIарзал МухIамад ХIажиевасул ва МухIамад ХIамзатовасул росдал хIакъалъулъ, Социалистияб ЗахIматалъул БахIарзазул цIаралъе мустахIикълъарал чуял гIезарулел чагIи Булат Палиевасул ва Пабдурашид МухIамадовасулги хIалтIул хIалбихьиялъул. Доб заманалда Пали вукIана гIолохъанав журналист. Амма печаталда хIалтIулаго гIемерал саназда гьес хъвана чанги гьайбатал очеркалги, фельетоналги, бегIерал макъалабиги. Дагъистаналъул журналистазул Союзалъ П. Жамалудиновасул цIаралда бачIараб цо баркиялъул кагътида абулеб буго: «Нижер хирияв гьудул, Пали! Дуца нахъа тарал санал – гьел ккола журналистасул хIалхьи гьечIеб посталда дур гьалдолеб гIумру. Мун кидаго вукIана ва хутIана цIияб гIумруялъе гIоло къеркьеялъул цебесеб къерда, дуца даимаб рагъ гьабуна квешабщиналде данде. Цинги хадуб мун лъугьана нилъер печаталъул къеркьохъанлъун, дуца мунго вихьизавуна хIатталдаса ун гьунар бугев, партиялъул цIодорлъи ва принцип бугев чилъун. РикIкIен гIемерал дур статьябазулъ гьалдолеб буго инсанасул бухIараб би, дуца хIасратто хал кколеб буго республикаялъул экономикаялда ва культурияб гIуцIарухъанлъиялда хадуб».

Пали Жамалудинов Дагъистаналъул журналистазда гьоркьов тIоцересездасан цоявлъун лъугьана РФялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъанлъун, цо чанцIулго гьесие кьуна Дагъистаналъул Верховнияб Советалъул Президиумалъул ХIурматалъул грамотаби. Гьев ккола Дагъистаналъул Журналистазул Союз гIуцIаразул цояв.

45 соналъул хIалтIул хIаракатчилъиялъул нухги нахъа тун 60 сон бараб мехалда гьев ана мустахIикъаб хIалхьиялде. Гьесие чIезабуна республикаялъул кIваралъул персоналияб пенсия. Амма Пали ГьитIинмухIамадович ахIана Дагъистаналъул Верховный Советалъул Президиумалде хIалтIизе, I5 соналъ хIалтIана Верховный Советалъул Президиумалъул Председателасул кумекчилъун. Гьенивги гьес вихьизавуна живго гIадамазе хIажалъулев, гьезул тIалабазда вукIунев чилъун.

Цо мисал бачинин. Политехникияб институт лъугIун хадуб 2 соналъ Севералдаги хIалтIун дир вас инженер МахIачхъалаялде вачIана махщалида рекъон хъулухъ щвеялде хьулгун. Амма прописка гьечIилан хIалтIуде восулев вукIинчIо. Дица гьарулеб букIана гьев живго жанив гьавураб ва гIурав, Севералде инегIан гIумру гьабун вукIараб, дир квартираялда хъвайилан. Домуправлениялда гIенеккизецин бокьичIо: абулеб букIана лъабгоял (вас чIужу-лъималгунлъидал вачIарав) хъвазе бакI гIоларилан. Дун ана шагьаралъул организациязде, жаваб цогояб букIана. БацIдаб лъагIел бана васас хIалтIиги гьечIого. Ахиркъадги дирго гьалмгъас малъун дун ана П. Жамалудиновасухъе. Законалъул статьябазда мугъчIвайги гьабун, гьес домоуправлениялъул начальник мукIур гьавуна вас дир минаялъув хъвазе бегьиялда.

Пали ГьитIинмухIамадович вуго гьваридаб лъаялъул чи. Гьесда бацIцIадго ва камилго лъала гIурус мацI, статистика, философия, психология, юриспруденция, история, этика. Ва гьелъ кумек гьабуна Палие цо заманалда «Советияб Дагъистан» журналалда отделалъе нухмалъи гьабизе. «ЦохIо богони, гьев вуго кинабго рахъалъ лъай бугев чи, гьесул буго тIабигIаталъго кьураб гIакълу-лъай, тIокIаб гьечIебгIан лъикI ракIалда жо чIола гьесда»,-ян абулаан цевехун «БагIараб байрахъ» газеталъул вукIарав редактор, хъвадарухъан МухIамад Шамхаловас, щибаб мухъккун магIарул мацIалдаса гIурус мацIалде буссинабураб жиндирго тIехьги цIалулаго.

Палида абуни гIицIго магIарул ва гIурус мацIал гурелги, гIарабазул, турказул, азербайджаназул, болгаразул, лъарагIазул мацIалги лъалел руго.

Заманаялъ жиндиргояб гьабула. Ва гьале П. Гь. Жамалудиновас гьал къоязда I00 сон тIубана. Гьев хIухьбахъиялда, лъималазул лъималазе тарбия кьолев вуго.

… Нилъер умумаз нахъе тараб кьогIаб школалъул пикраби гьарулаго, бокьула васасул къагIидаялда гьезда, нилъер чIахIияб гIелалда, жидеего гIемераб жоялдаса инкарги гьабулаго нилъер букIинесеб гIуцIаразе бетIер кълизе. Гьединаздасан цояв ккола Пали ГьитIинмухIамадовичги.

***МухIамад ГIАБДУРАХIИМОВ, педагог, философиял гIелмабазул кандидат.***

***Суратазда:** Палил вац М. Жамалудинов, тIадехун Пали хъизан ГIайшатгун*

## ТIабигIат ва рацIалъи цIунизин

ТIолгороссиялъул тIабигIат цIуниялъул гIуцIиялъул комитеталъул хIукмуялда рекъон, тIолабго Россиялда ва нилъер районалдаги тIобитIана тIабигIатазда санитарияб рацIцIаракъалъи букIинабиялъул къо. Гьениса бакIарана мусор, киналго хIалтIулал бакIазул территориязда гьабуна рацIцIаракъалъи, ай субботник. Гьеб субботникалде рахъун рукIана администрациялъул, учреждениязулгун организациязул хIалтIухъаби.

ЛъикIаб хIалтIи гьабуна Унсоколо росулъ, хасго СКХялъул хIалтIухъабаз. Гьал къоязда гьениве хIалтIизе вачIана цIияв нухмалъулев ХI-М. ХIажимухIамадов. Гьесул нухмалъиялда гIемераб хIалтIи гьабуна гьеб къоялъ. Гьединго лъикIаб хIалтIи гьабуна райбольницаялда, Шамилъхъалаялъул ясли-ахазда, ЖККХялда, учреждениялгун – организациязда ва жалго гIадамазги сверухъ бугеб бакIалда рацIцIаракъалъи букIинабуна.

Районалда тIобитIараб гьеб



тадбиралда гIахьаллъи гьабуна 800-850 гIанисев чияс. Гьенир хIалтIизе чIезарун рукIана I0 гIанисеб спец. техника. Кинабниги гьениса къатIибе баччараб мусоралъул къадар бахуна 250 куб. метраялде.

БакI ккун букIаго абичIого гIоларо цIикIкIараб хIалтIи гьабизе ккун бугин районалъул школазда тIабигIат цIуниялда ва чорок гьабичIого теялда хурхун,-ян. ЛъикIаб букIинаан гьелда хурхун класстун къватIибехун гьабулеб хIалтIи цIикIкIинабизе. Хасго «Конкурсал», «ТIабигIат цIуни», «Экологиялъул лъай кьеялъул къо», «БацIцIадаб лъим – сахлъиялъул аслу»,-гIадал тадбирал тIоритIани. Гьедин хIалтIи гIуцIани нилъер районги букIинаан бацIцIадабги тIабигIаталде инее гьира бугеб бакIлъунги.

Культураги рацIцIалъиги гьечIони гIадан хIайваналде сверула. Щибаб росдал администрацияз кIвар кьезе хIажат буго росдада сверухъ бугеб тIабигIат цIуниялде, ругелъур рацIа-ракъалъи букIинабизе гIадамал ругьун гьариялде. Гьеб рахъалде дагъистаниязул кIвар буссинабулеб буго нилъер БетIер Р. ГIабдулатIиповасги.

**М. ГIАЛИЕВ, БМРК ЭПялъул госинспектор.**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 24 (7164)*
*12 июнь 2015 сон*

*4 гьумер*

*Россиялъул ВУЗазда лъай кьеялъе кьолеб гIарцул къадар эхеде бахине бегьула. Гьедин лъазабуна Минобороналъул бетIерасул зам. Александр Павленкоца. Гьеб борхизе рес буго инфляциялъул рамкаялда рекъон. Контракт хъван цIалулез кьолеб гIарцул къадар цIикIкIина, амма цIакъго гуреб, бегьулеб къадаралда,-ян бихьизабулеб буго гьес. Гьелъие гIиллалъун бихьизабулеб буго гьабсагIаталда улкаялда бугеб хIал.*



## Иш кин бугеб, мадугьал?

# Гъунибе - сапар

7-I0 маялда Гъуниб районалъул Гъуниб росулъ букIана Дагъистаналъул лъай кьеялъул хIалтIухъабазул слет. Гьеб букIана юбилеялъулаб, цо хасаб, гьелдаго цадахъ тарихияб, кIочонареб, щайгурелъул Дагъистаналъул берцинаб бакIалда тIобитIулеб букIун.



Гъуниб район ккола тIабигIияб ва тарихияб рахъалъ памятниклъун. Р. ХIамзатовас абухъего «Гъуниб ккола Дагъистаналъул чIагояб берцинлъи». Гьеб ккола рагьараб зодикь бугеб музей, жинда жаниб тIабигIат, тарих, архитектура, культура ва экономика бугеб. Районалда буго 300 ялдаса цIикIкIун федералиябгун республикаялъул ва бакIалъулаб кIваралъул памятник.



Дагъистаналъул батIи-батIиял районаздаса ва шагьараздаса гьенире рачIун рукIана I2 команда.

Тадбир тIобитIулеб букIана КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул хIурматалда, кIудияб авлахъалда. Рохьил берцинал кьераз кIудияб аваданлъи кьолеб букIана щивасе.

Гьел къецазда гIахьаллъана нилъер СЮТалъул командаги. Гьез лъикIал хIасилал рихьизаруна тарихалъул рахъалъ лъай букIиналда хурхун. Викторинаялда лъикIаб лъай букIин бихьизабуна дагъистаналъул экологиялда, экономикаялда, культураялда хурхунги. Викторинаялда жаваб кьезе кколаан 30 суалалъе 30 минуталда жаниб. Гьелъул хIасилалда нилъер СЮТалъе щвана II бакI ва диплом.

Гъунибе гьабураб сапаралъ киназулъго щула гьабуна гьудул-гьалмагълъи, цоцада божи, лъугьана черхалъе сахлъиялъе праздниклъун.

*Редакциялде кагъат: гьале лъикIал гIадамал*

# «Шамильхъалаялде ина унтани»

Шамильхъалаялде ина унтани
ЛъикIал тохтурзаби ругеб бакIалде,
ГIадамалги лъикIал ракIги жубарал
Берцинал ахаца жаниб бачараб.
Гьаниб гIадлу букIин бихьулеб буго
ГIарцухъ бусен бичи ничаб жо буго,
Дару гьечIин абун, гьечIо абулеб
ХъахIаб халгIаталъул хун гьечIо къадру.
Гьанир васал руго махщел камилал
Гьанир ясал руго намус бацIцIадал.
ХъахIал халгIатазда хIур хъвазе течIел
Шамилил цIар гIадин цIунун хутIарал.
Хирург МухIамадов хIалтIуда вуго,
ГIодоб къо, хIалтIул къо, гьечIо батIалъи,
Кибго кIочон тараб обходалъулги
ЧIараб низам буго, гьаниб цIунараб.

Балъголъи гуро ахирияб заманалда нилъер Дагъистан республикаялда гIадамасул сахлъи цIуниялде кьолеб кIварги, гьезул гьабулеб тIалабги гIодобегIанаб бугеблъи.

Дагьал больницабазда гуро дунги дир хъизанги регарал; МахIачхъалаялда букIа яги нижерго районалъул больницаялда букIа, хIасил ккечIо. Чанго нухалда хал гьабуна республикаялъул диагностическияб централда. Гьенибги хIасил ккечIо, щибаб хал гьабунщинаб бакIалда батIи-батIиял унтаби рихьизаруна, дараби гьаруна, гьенир кколел расходалги, холеб гIарацги гьаниб рехсечIониги лъалеб батила. Гьеб гIадалъе бахарал нижеца хIукму гьабуна, (дицаги хъизаналъги) Астраханалдеги ун гьениб мухIканаб халги гьабун, унти чIезабизе. Астраханалъул мед, центр «Оригоялда» хал гьабун чIезабуна бугеб унти. ГIарацги кьун гьабулеб халалъулги унти чIезабиялъулги гьанибги добаги бугеб батIалъиялъул бицинего ккеларо, бесдал эбелалъул лъимадуе гIадаб бугин гьаниб х1ал,-ян абуниги гIела.

Астраханалдаса тIад руссиндалги ургъизе ккана, кинаб больницаялда регилел сах гьаризе,- абун. Нижер хIукму ккана Унсоколо районалъул районазда гьоркьосеб Шамильхъалаялда бугеб больницаялда регизе. БукIана цойги ургъелги, батIияб район, лъазего лъаларел тохтурзаби, гьеб районалдаго гьечIел гьалбал, гьудулзаби. Амма нижер гьеб ургъел гIададисеб батана. Ниж гьенире щвараб къо букIана рузман къо, цогидал больницабазда гIадин, бакI гьечIо, метер-сезе,-ян абичIо, койка,-бакIалъул бagьа бичIчIизабичIо. Нижеда лъалел цересел гIадамаз гIадин гьалбадерие нижер гьаниб кидаго бакI букIуна,-янги абун берцинго къабул гьаруна, хирургиялъул отделениялъул зав. М-ГI. МухIамадовас ва дир хъизан гинекологиялъул отделениялда егизаюна.

Гьениб бугеб рацIа-ракъалъиги, гIадлияб рахъги бихьараб мехалда унго-унголъунги бахиллъизе бачIана. Гьеб больницаялъе бажарун нухмалъи гьабулеб бугоан бетIерай тохтур, руччабазул врач Зарема МухIамадовалъ. РакI унтараб, унтарал разияб хъулухъ гьабулеб бугоан гинекологиялъул отделениялъул сестраби Мадина МухIа-мадовалъ, Меседо МухIамадовалъ, хирургиялъул отделениялъул сестраби П. ГIабдулаевалъ, С. ХIожоевалъ. ЦIакъго нижеда ракIалдаса унареблъун хутIана аскIор регун рукIарал Унсоколоса Жамилат, ИнкIкIвалитIаса Анисат ва гьел гурел цогидалги. Кутакалда рази гьаруна хирургическияб отделениялда рукIарал ХI. ХIасановас, М. ХIожокъовас ва ГI. МухIамадовас нижер гьабураб тIалаб-агъазалъ.

Бихьана нижеда тохтурзабаз унтаразе ракI унтун хъулухъ гьабулеб букIин гуребги, ансадерил жалго гIадамалги гьалбал рокьулел, ракI жубарал, унго-унгоял бусурманал гIадамал рукIин. Аллагь разилъаги, нужедаса тIолабго ансадерил жамагIат ва Шамильхъала больницаялъул киналго хIалтIухъаби!

***ГIабдулшагьид АСАДУЛАЕВ ва ПатIимат АХIМАДОВА.Гумбет район, ИчичIали росо.***

# *Дибирги Малла Насрудинги*

Цо росулъ вукIун вуго дибир, цIакъ гIамал кIудияв, жинда щибго балъго жо лъалин чIарав. Малла Насрудинидаги гьесдаги гьоркьоб бахIс ккун буго. Малла Насрудиница гьесие кьурал суалазул цонигиялъе дибирасда жаваб кьун бажарун гьечIо. Ахиралда цим бахъарав дибирас гьесда абун буго:

- Дица дуе кьела цо чанго суал, амма гьезие жаваб дудани киса гурин, дур инсудаги кьезе кIвезе гьечIо,-ян.

- Дунялалда тIад гьечIо дида жаваб кьезе лъалареб жо. Гьикъе дурго, кин жаваб кьолебали бихьизе,-ян абун буго Малла Насрудиница.

- ЛъикI буго. Бицеха дуца дунялалда бакьулъ бакI киб бугебали,-ян абун буго дибирас.

Кодоб букIараб гIансаги гIодоб тункун, Малла Насрудиница абун буго:

- Гьале гьаб дица гIанса тункараб бакI буго дунялалъул бакьулъ бакI,-ян.

- Дуца чIезабе гьеб дунялалъул бакьулъ бакI букIин,-ян абун буго дибирас.

- Дицаяли гьеб цебего чIезабун буго,-ян абун буго Маллаца дибирасда,-мун гьелда божуларев ватани, вахъун дурго борцун бихье.

КIибикIун бетIергун, дибирас кIиабилеб суалги кьун буго:

-Зодоб чан цIва бугебали лъалищ дуда?,-ян.

-Дир хIамида чан рас батаниги, гьедигIан буго,-ян жаваб кьун буго Насрудиница.

Гьеб гьедин букIин дуца чIезабизе ккела,-ян абун буго дибирас.

- Дида мун божуларев ватани, вилъа ун, дуцаго рикIкIе,-ян жаваб кьун буго Маллаца.

Гьабизе жоги тIагIун, дибирас Малла Насрудинида нахъеги гьикъун буго:

-Дир магжилъ чан рас бугеб?,-ан.

-Дир хIамил рачIчIалда чан батаниги гьедигIан рас дур магжилъги буго,-ян жаваб кьун буго гьес.

Цим бахъун дибир ахIдезе лъугьанила:

- Дуца гьерсал рицунел руго!-ян.

Маллаца гIодове виччан дибирасе жаваб кьунила:

- Мун щай цим бахъун ахIдолев? Божуларищ дица бицараб жоялда, гьеле дур мегежги, гьале дир хIамил рачIчIги, цо-цоккун дур магжилъа рас дицаги тIезин, дир хIамил рачIчIалдаса дуцаги тIе. Расалъул къадар ахиралда рикIкIараб мехалда данде кколеб гьечIони, гьеб мехалъ ахIдезе бегьула мун,-ян.

Гьабизе жо тIагIарав дибир годекIаниса нахъе анила, гьесда хадур ралагьун релъанхъулел гIадамалги рукIанила.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -11 . 6. 15 г. 15.30
фактически -17.20 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.